



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE TOUNE EKOUT SOU SANTE MANTAL JÈN YO NAN TOUT ETA A

*Sesyon ekout modere nan tout eta a pou eksplòre pwoblèm sante mantal jèn yo*

*Somè sou sante ak byennèt jèn yo pou oryante politik alavni an Rekòmandasyon; Kowenside ak mwa sansibilizasyon sou sante mantal la an me*

*Inisyativ yo apiye plan 1 milya dola Gouvènè a pou remanye kontinyòm swen sante mantal New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, yon seri sesyon ekout nan tout eta a ak yon somè prentan ki vize eksplòre pwoblèm ki afekte sante mantal jèn nan tout Eta New York. Ansanm, inisyativ sa yo ap apiye plan 1 milya dola Gouvènè a pou remanye kontinyòm swen sante mantal Eta New York epi bay yon opòtinite pou ekspè yo konseye lidè eta yo sou rekòmandasyon politik alavni yo pou amelyore byennèt jèn yo.

"Antanke premye gouvènè fanm Eta New York ak sèl manman ki okipe pòs sa, mwen pètibe pwofondeman pou rapò resan sou ka depresyon adolesan yo - espesyalman apre izolman ak ensètitud pandemi COVID-19 la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li lè pou nou mete byennèt mantal jèn nou yo an premye epi koute sa y ap pase pou genyen yon konpreyansyon ki pi pwofon sou pwoblèm sa epi abòde pwoblèm jèn Nouyòkè yo ap fè fas avèk enpòtans."

Yo prevwa pou sesyon ekout yo, ki kowòdone pa Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health) ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children, and Family Services) eta a, planifye nan tout eta a sezon prentan sa. Chak sesyon ap modere pa reprezantan ki soti nan ajans sa yo epi y ap enplike yon seksyon kwaze jèn nan laj pou lekòl ki soti nan chak kominote ki akeyi yo.

Gouvènè Hochul ap konvoke tou yon Somè sou Sante Mantal Jèn ak Byennèt an me, ki kowenside ak Mwa Konsyantizasyon sou Sante Mantal la. Somè a ap reyini ansanm jèn ak paran yo ak divès ekspè sou sijè yo soti nan domèn sante mantal, edikasyon, teknoloji, ak aplikasyon lalwa pou diskite sou defi ak opòtinite ki afekte byennèt jèn nou yo, ki enkli wòl rezo sosyo yo jwe nan lavi yo.

Gouvènè a te lanse inisyativ sa yo lè li te akeyi premye sesyon ekout ak adolesan yo nan Enstiti Psikyatrik Eta New York. Yo te mande adolesan k ap patisipe nan lekòl nan Vil New York yo pou diskite sou kijan pandemi an te afekte sante mantal yo; wòl rezo sosyo k ap evolye yo te jwe nan lavi yo; kijan lekòl yo ka fè pwomosyon byennèt pami elèv yo; kalite pwogram sante mantal yo ta ka anvizaje pou ede yo nan lekòl la; ak konsèy yo ka bay kamarad yo k ap goumen ak pwoblèm sante mantal.

Mwa ki pase a, Sant pou Kontwòl Maladi Ameriken an te soti [Sondaj sou Risk Konpòtman Jèn](#) li a, ki te jwenn tandans sante mantal ki alaman pami jèn ki nan laj pou lekòl ant 2011 ak 2021 yo - espesyalman pami ti fi adolesan yo. Apeprè yon tyè ti fi adolesan yo te konsidere komèt swisid seryezman an 2021, yon ogmantasyon 19 pousan pa rapò ak deseni anvan an; apeprè twa sou senk te santi yo tris oswa san espwa san rete an 2021; ki se de fwa pousantaj ti gason adolesan yo epi ki reprezante apeprè yon ogmantasyon 60 pousan pa rapò ak pousantaj yo te anrejistre an 2011.

Rapò a te jwenn tou ke jèn ki soti nan popilasyon majinalize up gen plis chans pou souffri de pwoblèm sante mantal: Plis pase mwatye elèv LGBTQ yo te ekspriye yo gen sante mantal ki fèb, avèk youn sou senk ki rapòte yo te eseye komèt swisid nan ane ki pase a. Tantativ swisid yo te ogmante tou pame jèn Nwa yo pa rapò ak jèn Blan yo, dapre rapò a.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Bidjè egzekitif Gouvènè Hochul la bay yon investisman istorik nan investisman nan swen sante mantal. Nan sant transfòmasyon sa, gen yon angajman pou koute moun k ap eksperimante pwoblèm sante mantal yo. Sante mantal jèn yo te afekte seryezman pa pandemi COVID-19 la ak lòt faktè estrès. Mwen aplodi angajman Gouvènè a dèske li fè politik ki baze sou sa adolesan yo di ki enpòtan pou yo. Mwen kontan anpil ke n ap angaje dirèkteman ak jèn yo, k ap leve vwa yo, epi kite yo gide nou."

**Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services) Suzanne Miles-Gustave, te deklare,** "Jèn moun nou yo se manm nan kominote nou yo ki pi presye, men yo vilnerab. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje sante ak byennèt yo, epi sa egzije aksyon ki odasye pou konfwonte kriz sante mantal y ap fè fas la. Jèn nou yo konprann bezwen emosyonèl inik yo pi byen ke nenpòt moun. Inisyativ sa ba nou opòtinite pou tande yo dirèkteman, ki se sèl mwayen nou ka devlope epi deplwaye resous yo bezwen dezespereman."

Sesyon ekout ak somè a fè pati estrateji ki pi laj Gouvènè Hochul pou atake kriz sante mantal la nan tout Eta New York. Bidjè egzekitif ane fiskal federal 2024 la genyen ladan l plis pase 1 milya dola pou remanye kontinyòm swen sante mantal Eta New York la epi diminye bezwen sante mantal jèn yo ki pa satisfè a mwatye pandan senk ane k ap vini yo.

Pami investisman ki genyen pou ede jèn yo, bidjè Gouvènè Hochul la bay 30 milyon dola pou devlope sèvis sante mantal pou timoun ki nan laj lekòl nan tout eta a, ki genyen ladan l 20 milyon dola pou sèvis sante mantal ki baze nan lekòl ak 10 milyon

dola pou mete anplas sèvis fòmasyon ki apwopriye, ak 8.3 milyon dola pou nouvo sant sante ak sa ki egziste deja nan lekòl yo. Anplis, bidjè a genyen ladan l 10 milyon dola pou ranfòse pwogram prevansyon swisid pou jèn ki gen gwo risk yo.

Bidjè a bay 18 milyon dola sou de zan pou ranbouse founisè yo pou sèvis sante mantal prevantif pou paran yo ak pitit yo; ak 24 milyon dola sou de zan pou ranbouse sèvis depistaj eksperyans negatif nan anfans yo. Bidjè Gouvènè a apiye investisman nan Bidjè ane fiskal 2023 ki adopte a, ki enkli 12 milyon dola ki alwe pou pwogram entèvansyon HealthySteps ak pou kriz ki baze nan kay yo pou fè pwomosyon devlopman timoun piti ak tretman pou timoun ak adolesan; ak 3.1 milyon dola pou ranfòse tretman pou moun ki gen twoub alimantè yo.

Gouvènè Hochul te pwopoze tou yon mezi k ap entèdi konpayi asirans yo refize aksè nan sèvis ki nesèsè sou plan medikal, ki gen bezwen elve, ki grav, ak sèvis pou kriz sante mantal alafwa pou adilt ak timoun. Anplis, Gouvènè a te avanse lejislasyon pou konble eka nan kouvèti pou sèvis sante konpòtmantal yo pou amelyore byennèt ak siksè moun yo lè yo kite lopital oswa depatman ijans yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418